


Gid Diskisyon:

Pale ak Doktè w la konsènan Epatit B



Yon nouvo dyagnostik ka efreyan, men pale ak doktè w la de tretman w ak swen w ka soulaje anksyete w la. Santi w prepare ak bon kesyon yo ka fè yon gwo diferans. Lè w itilize gid sa a, li ka ede w mwens entimide e pi konfòtab pou w pale doktè w la de Epatit B w la.

Èske w santi w pa sèten sou ki kesyon pou w poze doktè w la depi lè w konnen w gen epatit B a? Gid sa a pral ede w kouvri tout pwen ki pi enpòtan yo pandan pwochen vizit doktè w la.

Prepare w pou vizit doktè ou:

- Pote yon lis kesyon (gade piba a) avèk ou.
- Pote kopi rezulta analiz san yo te fè pou ou anvan an.
- Si w santi w konfòtab, envite yon zanmi oswa yon manm fanmi ak ou pou ede w.
- Eseye pran nòt pandan w ap pale ak doktè a pou w ka gen enfòmasyon enpòtan yo ekri yon kote. Si w gen yon zanmi avè w mande l pou l pran nòt tou.

Kesyon pou w poze doktè w la:

- Èske w ka eksplike chak rezulta analiz san epatit B yo, ak tout lòt tès adisyonèl yo (sonografi)? Tanpri mete kopi rezulta tès mwen yo nan pwòp fichye pèsonèl mwen yo..
- Ki kote m ka fè fanmi m, madanm/mari m oswa patnè seksyèl mwen fè tès oswa vaksinen kont epatit B? Kisa m ka fè pou m pwoteje yo annatandan yo vaksinen konplètman?
- Èske m se yon bon kandida pou tretman? Si non, poukisa? Si wi, tanpri eksplike m poukisa e pale m de opsyon tretman yo.
- Si m pa elijib pou tretman medikal, kisa m ka fè pou m jere epatit B mwen an?
- Èske m dwe depiste regilyèman pou kansè nan fwa? Si wi, chak ki lè?
- Èske w ka pale m de triyaj medikal? Ou pa ofri okenn sèvis triyaj medikal pou epatit B? Si wi, ou ka esplike m yo?

- Pou jèn fi: Si m ta renmen gen pitit, èske m dwe tann pou m kòmanse tretman an? Si m kòmanse tretman an kounya a, nan ki lè m ka panse ak fè pitit?
- Kijan epatit B m genyen an pral afekte travay mwen oswa abilité m pou m travay?
- Kijan epatit B, m genyen an pral afekte asirans sante m oswa abilité pou m jwenn asirans sante?
- Men lis non medikaman m ap pran kounya a - èske yo pa danje pou fwa m?
- Ki medikaman yo vann san preskripsyon oswa sipleman a baz fèy ki pa danje m ka pran pou doulè, sentòm grip, elatriye?
- Èske m dwe fè tès pou lòt maladi fwa, tankou epatit C oswa D?
- Èske m dwe pran vaksen pou m pwoteje tèt mwen kont epatit A?